



Rezo Nasyonal k ap Defann Dwa Moun (RNDDH)



Rezime Rapò

Fokis sou tribinal depè yo nan peyi : Swit ankèt sou aksesiblite ak disponiblite sèvis Lajistis

4 avril 2022

1. Nan yon rapò ki te sòti nan dat 4 oktòb 2021 an, *Rezo Nasyonal K ap defann Dwa Moun yo* (RNDDH) te prezante yon bilan vrèman kritik sou fonksyonman tribinal depè yo nan peyi a. Rechèch sa te fèt nan 144 pami 186 tribinal depè ki egziste yo, sa ki te reprezante 77.40%.
2. 6 mwa aprè nou fin pataje rapò a ak otorite konsène yo, RNDDH te panse fè yon lòt ankèt pou gade si te gen kèk entèvansyon ki te fèt pou amelyore kondisyon fonksyonman tribinal depè yo. Nan sans sa, ankèt tou nèf sa te fèt nan 22 tribinal depè, ki reprezante 15 % nan kantite tribinal depè nou te touche nan rapò 4 oktòb 2021 an.
3. Daprè enfòmasyon tou nèf nou rive jwenn nan men anplwaye tribinal depè yo nan ankèt sila a, nou remake pa gen ankenn chanjman ki fèt. Tribinal depè yo toujou ap fonksyone nan menm move kondisyon nou te prezante nan dènye rapò a.
4. Menm jan enfòmasyon yo te montre l'nan rapò 4 oktòb 2021 an, aranjman sou kantite moun k'ap travay nan tribinal depè yo mal fèt. Gen tribinal ki gen yon valè moun k'ap travay, ki plis pase kantite yo bezwen pou fè travay tribinal la. Alòske gen yon seri tribinal ki pa genyen oubyen ki manke jij depè, grefye, isye, sekretè elatriye.
5. Pifò tribinal depè yo pa gen ni materyèl pou biwo, ni materyèl enfòmasyon. Pafwa se kèk moun nan kominote a ki fè tribinal yo kado kèk materyèl.
6. Tribinal depè yo pa genyen ni machin, ni moto pou penmèt anplwaye yo deplase. Lè konsa, se lajan ki rantre nan grèf tribinal la ki itilize pou peye machin oubyen moto pou deplasman yon anplwaye nan kad travay tribinal la.
7. Sou kesyon kouran, se nan rèv sèlman tribinal depè yo wè sa. Dayè anpil nan tribinal depè yo pa ka itilize materyèl enfòmasyon yo paske konpayi Elektrisite DAYiti pa janm bay kouran.

8. Pou moun nan tribinal yo jwenn dlo pou yo sèvi, se responsab nan tribinal yo ki blije achte kamyon dlo, oubyen doum dlo.
9. Anpil nan kay kote tribinal yo ye yo pa bon menm, kay yo la lontan, genyen ki gen mi ki fann (fisire) epi yo sal.
10. Gen tribinal ki nan zòn kote se bandi k'ap ferye. Sa bay gwo kè sote pou moun k'ap travay nan tribinal depè yo, lè pou yo vin travay. Tribinal depè nan *Site Solèy* pa fonksyone depi kèk tan alòske tribinal depè nan *Kwadèboukè* fonksyone lè bandi yo vle. Dayè, nou te remake gen anpil tou bal nan mi tribinal sila a.
11. Pagen dout nan sa, nan jan tribinal depè yo ap mal fonksyone a, li gen gwo konsekans sou rezilta travay yo. Sitiyasyon sa yo anpeche moun yo jwenn jistis epi pase anba pye dwa garanti jidisyè yo.
12. Nan sans sa, RNDDH mande pou zotobre nan Leta yo :
- pase men nan fason moun k'ap travay nan tribinal depè yo ;
 - bay tribinal depè yo lajan, materyèl pou biwo ak materyèl enfòmatrik pou yo fonksyone ;
 - bay machin oubyen moto pou fè sèvis tribinal yo ;
 - bay mwayen pou tribinal yo toujou gen kouran ;
 - pran bon mezi pou mete sekirite nan peyi a sitou ozalantou tribinal yo ;
 - ranje kay ki prèske kraze yo epi mete nan tou tribinal depè yo yon blòk sanitè.

Ce document a été réalisé dans le cadre du projet « Accès à la justice et lutte contre l'impunité en Haïti » mis en œuvre par Avocats sans frontières Canada (ASFC) et ses partenaires. Le contenu de ce document relève de la seule responsabilité du RNDDH et ne reflète pas nécessairement les points de vue d'ASFC.